**दिन—शनिवार** **दिनांक—06.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार पश्चिम चंपारण जिलाक कुमारबाग आओर बक्सरक नवानगर के स्पेशल इकोनॉमिक जोन लेल उपयुक्त पौलक अछि। केन्द्रीय वाणिज्य मंत्री पीयूष गोयल बिहारक उद्योग मंत्री नीतीश मिश्र के लिखल चिट्ठी मे ई जनतब देलनि अछि। चिट्ठी मे जनाओल गेल अछि जे वाणिज्य आओर उद्योग मंत्रालय द्वारा पछिला दिन ई दुनू ठाम स्थलीय सर्वेक्षण करबाओल गेल छल जाहि मे एहि के निक उपयुक्त पाओल गेल अछि। एहि बिच, राज्यक उद्योग मंत्री नीतीश मिश्र एक सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे शीघ्रहि केन्द्र सरकार के बियाडा द्वारा जमीन सँ जुड़ल जरूरी दस्तावेज दऽ देल जायत आओर आगूक काज पूरा करैत बोर्ड ऑफ अप्रूवलक सोझा स्वीकृति लेल पठाओल जायत। स्पेशल इकोनॉमिक जोनक स्थापना निर्यात के बढ़ावा देबाक लेल कयल जायत अछि। एहि सँ रोजगारक नव अवसर सेहो बनैत अछि।

---

स्वास्थ्य मंत्रालय जनौलक अछि जे नीट—यूजी काउंसिलिंग स्थगित कयल जयबाक समाचार मिथ्या अछि, किएककि काउंसिलिंगक दिन अखन तय निर्धारित नहि कयल गेल अछि। नीट—यूजी काउंसिलिंग स्थगित कयल जयबाक संबंध मे मीडियाक खबरिक बिच स्वास्थ्य मंत्रायल ई स्पष्टीकरण देलक अछि।

---

संचार मंत्रालय देश मे पछिला दिन मोबाइल सेवा शुक्ल बढेबाक लेल जनौलनि जे मोबाईल सेवा बाजार मांग आओर आपूर्तिक माध्यम सँ चलैत अछि। पछिला दिन तीन निजी कंपनी आओर एक सार्वजनिक मोबाइल कंपनी सेवा शुल्क बढौलक अछि। मंत्रालय जनौलक अछि जे सरकार ग्राहक सभक हितक रक्षा करब, नव—नव प्रद्योगिकी मे निवेशक संग बढ़िया विकास के बढ़ावा देब आओर वित्तीय व्यवहारिता निश्चित करय पर काज कऽ रहल अछि।

मंत्रालय जनौलक अछि जे सरकारक नीति आओर नियामक ढ़ांचाक कारण भारत मे मोबाइल ग्राहक सभक लेल लागत सभ सँ कम अछि।

————————————————————————

रूपौली विधानसभा उपचुनाव के लऽकऽ प्रचार–प्रसार गति पकरि लेलक अछि। जदयू अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ रूपौलीक उच्चतर, माध्यमिक विद्यालयक खेल मैदान मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओ एनडीए उम्मीदवार जदयूक कलाधर मंडल के भोट देबाक लेल लोकसभ सँ आग्रह कयलनि जनौलनि। चुनावी सभा के प्रदेश अध्यक्ष आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा सहित एनडीएक कतेको नेता सभ  सम्बोधित कयलनि। रूपौली विधानसभा उपचुनावक लेल भोट दस जुलाई कऽ खसाओल जायत।

————————————————————————

प्रदेश मे किसान क्रेडिट कार्ड द्वारा कृषि लोन लेबयवला किसान सभ के एक प्रतिशत अतिरिक्त ब्याज अनुदान देल जायत। पटना मे भेल एक कार्यक्रम मे कृषि विभाग आओर नबार्डक बिच एहि लेल समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर कयल गेल। ई योजनाक लाभ ओ किसान सभ के भेटत जे सभ निर्धारित अवधि मे ऋणक भोगतान कऽ देताह। राज्य सरकार एहि लेल दस करोड़ टाकाक स्वीकृति देलक अछि।

————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून पूरा सक्रिय अछि, जाहि सँ राज्यक बेसी क्षेत्र मे बारिश भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पूर्वी चंपारण जिलाक कल्याणपुर मे सभ सँ बेसी एक सय चौरानवे दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। ओतहि, पश्चिम चंपारण जिलाक सिकटा मे एक सय छियासठि दशमलव चारि आओर मोतीहारी मे एक सय अन्ठावन मिलीमीटर बारिश भेल अछि। कतेको आनो–आन ठाम पर एक सय पैंतीस मिलीमीटर सँ लऽकऽ सय मिलीमीटर धरि बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच किशनगंज, पूर्णियां, कटिहार, गोपालगंज, पश्चिम चंपारण आओर सीवान जिला मे किछु ठाम भारी सँ भारी बारिश भऽ सकैत अछि। एहि के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। ओतहि, पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, शिवहर, मधुबनी, दरभंगा,

सुपौल, अररिया, मधेपुरा, सहरसा आओर मुजफ्फरपुर आ भागलपुर जिला मे किछु ठाम भारी बारिशक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र आओर प्रदेश मे भऽ रहल बारिशक कारण कोसी, गंडक, महानन्दा आओर परमान नदी उफान पर अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार महानन्दा नदीक जलस्तर किशनगंजक तैयबपुर मे चेतावनीक स्तर के पार कऽ गेल अछि। नदीक जलस्तर बढिये रहल अछि। ओतहि, परमान नदीक जलस्तर अररिया मे खतराक निशान सँ चौदह सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट आओर कोसी नदी सुपौलक बसुआ आओर खगड़ियाक बलतारा मे चेतावनिक स्तर सँ बेसी भऽ गेल अछि।

———————————————————————

पटनाक मसौढ़ी मे पछिला दिन भेल एक जमीन कारोबारीक हत्या मामिला मे पुलिस तीन आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार आरोपी मे एक मृतिकाक बहु सेहो छथि।

———————————————————————

सुपौल जिलाक निर्मली मे एक ट्रक चालक सँ भेल लूटपाट मामिला मे पुलिस दू अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

अररियाक एक अदालत जाली नोट बरामदगिक मामिला मे एक दोषी के छओ सालक सश्रम कारावासक संग पचास हजार टाकाक अर्थदंडक सजा सुनौलक अछि।

———————————————————————

समाप्त